

# Poul ak Annipyé

 Winny Asara

 Magriet Brink

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

 3

 krèyol ayisyen 



Poul ak Annipyé te zanmi. Men yo te toujou nan konpetisyon yonn ak lòt. Yon jou yo deside jwe foutbòl pou wè kiyès ki pifò.

Yo ale sou teren foutbòl enpi yo kòmanse jwe. Poul la te rapid men Annipyé te pi rapid toujou. Poul la choute boul la byen Iwen men Annipyé choute'l pi Iwen toujou. Poul la kòmanse fache.



Yo deside ale nan penalite. Annipyé te gadyen bi  
nan pwemye tou a. Poul la bay yon gòl. Koulyè a se  
Poul la ki gadyen bi an.

Annipyé choute boul la enpi li bay yon gòl. Annipyé bay yon lòt gòl. Annipyé kouri ak boul la nan pye'l enpi li bay yon twazyèm gòl. Nan total, Annipyé bay senk gòl.



Poul la tèlman fache ke li pèdi. Li pa renmen pèdi.  
Annipyé tonbe ri lè li wè zanmi li an fache.



Poul lan te si tèlman fache ke li louvri bèk li li pou'l  
vale Annipyé.

Pandan poul lan tap mache pou ale lakay li, li kwaze ak manman Annipyé. Manman an mande li "Ou pa wè pitit mwen an?" Poul la pa reponn anyen. Manman Annipyé vin sispièk yon bagay.

Se konsa, manman Annipyé tande yon ti vwa kap di. “Ede’m manman!”. Manman an vire tèt li tout bò pou’l tande kote vwa sa a te sòti. Vwa a te soti anndan vant poul la.

Manman Annipyé rele byen fò, "Sèvi ak pouvwa ou genyen an ptit mwen!". Annipyé yo gen pouvwa degaje move lodè ak move gou. Poul la kòmanse pa santi'l byen.



Li kòmanse rann gaz, li krache, li ekstènye enpi li touse...touse...touse. Annipyé te gen move gou!

Poul la tèlman touse ke Annipyé sòti nan vant li.  
Manman Annipyé ak ptit li ranpe al kache anba yon  
pyebwa.



Depi jou sa a, poul ak annipyé enmi.



# Global Storybooks

[globalstorybooks.net](http://globalstorybooks.net)

**Poul ak Annipyé**

Winny Asara

Magriet Brink

ACE Haiti-University of Notre Dame USA

